

# APÈSI SOU APLIKASYON POU FON ASISTANS LWAYE POU MÈT KAY YO

## ETAP 1

**Lokatè** a ranpli aplikasyon RRF la sou entènèt la. Pou akselere pwosesis la, mèt kay yo ak jesyonè pwopriyete yo ta dwe gen dokiman sa yo disponib:

- W9 pou mèt kay la/pwopriyete byen an
- Prèv sou poseson (bòdwo dlo, bòdwo sèvis piblik, elatriye)
- Kontra pwopriyete a ki siyen

Gen yon modèl pou kontra pwopriyete a ki disponib sou [paj entènèt RRF](#) la. Pou jwenn enstriksyon sou kijan pou telechaje dokiman yo apati telefòn ou, klike [la a](#).

Tanpri asire w ke lokatè yo gen enfòmasyon kontak ou ki ajou e ki egzat.

## ETAP 2

Toudabò yo revize aplikasyon an pou verifye elijiblite l. Men kèk rezon ki ka fè yon moun pa kalifye:

- Aplikan an pa yon moun ki abite nan Vil Boston
- Aplikan an se yon etidyan atan plen (foultaym)
- Aplikan an resevwa yon bon ki baze sou pwojè oswa yon bon mobil
- Aplikan an gen plis pase 80% nan AMI a

*Rezidan yo kapab konteste desizyon an nan [RRF@boston.gov](mailto:RRF@boston.gov).*

## ETAP 3

Y ap revize aplikasyon yo pou yo asire ke yo ranpli konplètman. Yo pral avize aplikan yo sou pyès jwent ki manke yo.

## ETAP 4

Yo voye aplikasyon konplè yo bay ajans afileye yo. **Ajans afileye yo pral mande dokimantasyon adisyonèl nan men mèt kay la/pwopriyete a. Apresa, ajans afileye a pral emèt fon yo.**

## ETAP 5

Y ap emèt peman pou asistans lwaye a dirèkteman bay mèt kay la/pwopriyete byen an. Lokatè yo pral resevwa konfimasyon pou asistans ansanm ak yon kopi kontra pwopriyete a ki siyen.